

**PENGARUH MODEL *DISCOVERY LEARNING* BERBANTUAN MEDIA
FLIPBOOK UNTUK MENINGKATKAN KETERAMPILAN MENULIS
TEKS PROSEDUR PADA PESERTA DIDIK DI SEKOLAH DASAR**

**(Penelitian Quasi Eksperimen Pada Peserta Didik Kelas V di SDN 2
Sukamaju)**

RAHMA ALIA HENDARIAH

NPM 215060151

RINGKESAN

Panalungtikan ieu dilantarankeun ku rendahna kamampuh nulis téks prosedur murid di SDN 2 Sukamaju, ogé kabutuhan kana inovasi dina prosés diajar. Tujuan tina panalungtikan ieu nyaéta pikeun nyaho pangaruh tina modél *discovery learning* nu dibantuan ku média *flipbook* pikeun ningkatkeun kamampuh nulis téks prosedur murid di SDN 2 Sukamaju. Panalungtikan ieu ngagunakeun pendekatan kuantitatif kalawan métode quasi eksperimen jeung desain nonequivalent control group design. Subjek panalungtikan ieu nyaéta 24 murid ti kelas VA salaku kelas kontrol jeung kelas VB salaku kelas eksperimen. Data nu dikumpulkeun dianalisis ngaliwatan uji normalitas, uji homogenitas, jeung uji hipotesis. Gambaran prosés diajar nunjukkeun yén diajar lumangsung sacara tertib jeung terstruktur. Panalungtik nyusun perangkat diajar saperti modul ajar, lambaran observasi, jeung instrumen tés nulis téks prosedur. Dina prosés diajar, murid nunjukkeun kabetahan jeung partisipasi aktif dina unggal léngkah kagiatan. Aranjeunna bisa ngagali informasi, diskusi, jeung nyusun léngkah-léngkah nulis téks prosedur kalayan leuwih terarah. Hasil panalungtikan nunjukkeun aya bédana nu signifikan dina hasil diajar antara kelas eksperimen jeung kelas kontrol. Ieu dibuktikeun ku uji statistik nu némbongkeun yén data normal jeung homogen. Hasil t-test némbongkeun nilai signifikansi $0,001 < 0,05$, hartina aya bédana nu signifikan antara dua kelas éta. Hasil N-Gain di kelas eksperimen nyaéta 72,23% nu kaasup kana kategori sedang jeung leuwih luhur dibandingkeun jeung kelas kontrol nu ngahontal 60,91%. Ieu hasil nuduhkeun yén modél *discovery learning* nu dibantuan ku *flipbook* mibanda pangaruh pikeun ningkatkeun kamampuh nulis téks prosedur murid kelas V di SDN 2 Sukamaju.

Kecap Konci: modél *discovery learning*, média *flipbook*, kamampuh nulis téks prosedur, sakola dasar.